



AKSELERE 2031

Plan Devlopman Transpò
Palm Tran sou 10 Ane

KISA PALM TRAN FÈ?

Palm Tran se yon depatman nan gouvènman Konte Palm Beach epi bay transpò piblik nan konte a. Sa fèt nan ofri:

- Sèvis bis pou 3,000+ arè bis atravè 32 itinerè fiks
- Sèvis transpò adapte avèk trajè ki pwograme pou pasaje kalifye yo
- Sèvis telefòn Go Glades ki ouvri pou piblik jeneral la nan zòn Belle Glade, Pahokee, ak South Bay

KISA KI AKSELERE 2031?

Plan Devlopman Transpò a prezante vizyon pou sèvis transpò piblik la nan Konte Palm Beach pandan 10 ane k ap vini yo. Palm Tran mete ajou Plan Devlopman Transpò li a chak 5 ane pou pwochen peryòd 10 ane a. *Akselere 2031* (Accelerate 2031) se mizajou aktyèl pou 2022 rive 2031. Lè li fini, li pral:

- Dokimante kondisyon ak sèvis ki egziste yo
- Evalye demann ak bezwen transpò yo nan konte a
- Konfime objektif kominote a pou transpò
- Idantifye amelyorasyon pou atenn objektif dezire yo pandan 10 ane k ap vini yo
- Sèvi kòm Plan Estratejik Palm Tran ki pèmèt reyalizasyon vizyon Palm Tran

POUKISA NOU BEZWEN OPINYON OU?

Opinyon ou **esansyèl** pou prepare *Akselere 2031*, kèlkeswa si ou se yon pasaje oswa pa yon pasaje Palm Tran nan moman an. Gen anpil fason ou kapab patisipe pou fasone avni transpò piblik la nan avantaj kominote ou. Aprann plis sou *Akselere 2031* ak opòtinite ki gen pou vini yo pou bay opinyon ou lè ou ale sou sitwèb (palmtran.org/transit-development-plan/) oswa eskane kòd QR ki adwat la.

Pou plis enfòmasyon nan telefòn, rele: (561) 841-4263



Swiv nou sou rezo sosyal!



Eskane kòd QR la pou
ale sou sitwèb nou!